



Pati I: Leson 3

Tounen yon bon tè:

Viv nan lanmou ak padon Bondye

Tè Ki donnen anpil : Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi

Fè jaden mande travay. Apre ou fin charite tè a, epi ou plante grenn yo, ni sòl la ni grenn nan mande pou w kontinye pran swen yo dekwa pou yo ka grandi pou yo gen matirite.

Tout relasyon se tankou yon jaden. Nenpòt ki relasyon ki enpòtan mande atansyon ak jefò tout tan. Ou dwe toujou regle ti detay yo, se yo ki ap fè relasyon an pran jarèt. Se konsa relasyon w ak Jezi ye tou. Chak jou nou dwe cheche swiv egzanp Li epi mache tout tan nan gras Li.

PLAN POU W GRANDI



Nan leson sa a, ou pral aprann kat bagay ki pi enpòtan nan chèche viv ak padon e lanmou Bondye ki san kondisyon an:

- 1) Bezwen ou genyen pou lanmou ak padon Bondye
- 2) Kondisyon pou lanmou ak padon Bondye
- 3) Moun ou ye devan Bondye fasafas ak kominyon w ak Bondye
- 4) Kòman pou w mache tout tan nan lanmou ak padon Bondye

Men kijan sitiyasyon an ye; nou se moun. Nou pa dwat nèt tankou Kris. Ap genyen moman kote w ap tonbe epi peche, lè w ap fè bagay ki depaman ak sa Bondye mande, se kapab ak tout konsyans ou oswa san w pa konnen. Gade timoun ki ap aprann mache; avan yo rive jwenn ekilib yo, yo sèlman rive fè de-twa ti pa, epi yo tonbe vire tounen, men yo releve ankò.

Lè w echwe, Bondye toujou fidèl; L ap toujou lonje men ranmase w. L ap toujou renmen w. Li toujou pare pou padone w, restore w, epi montre w lanmou L ki pap janm kaba. Lagras toujou la pou ou.

Padon vle di lè ou padone yon moun akòz erè osnon move bagay li fè. Sa mache ak konpasyon, konpreyansyon, epi gras.



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann Pawòl li, ede w mache nan prezans li, pou w ka tounen moun li vle ou ye a.

YON IMAJ KI ESPLIKE KISA PADON BONDYE YE : Parabòl pitit gason ki te pèdi a (Lik 15:11-24)



Se istwa Jezi te rakonte pou bay egzanp sou kisa padon Bondye an ye.

Jezi di ankò: *Vwala se te yon nonm ki te gen de pitit gason. Pi jèn nan di papa a: "Papa, ban mwen pòsyon pa m nan nan byen nou yo." Papa a separe byen an ba yo vre. Pa twò lontan apre sa, pitit gason ki pi jèn nan ranmase tout afè l, li pati al nan yon peyi byen lwen. Epi, li gaspiye byen l lan nan viv nan banbòch. Lè l fin depanse tout byen an, yon gwo grangou vini sou tout peyi a. Kifè, misye kòmanse nan nesosite. Konsa, l al asosye ak youn nan sitwayen nan peyi a, ki voye misye al gade kochon nan jaden li. Li te anvi plen vant li ak po gous kochon yo t ap manje yo. Men, pèsonn pa t ba li.*

Lè l reprann tèt li, li di: "Valè ouvriye kay papa mwen ki gen manje ann abondans epi, mwen menm, pou m ap peri anba grangou! M ap leve al kote papa m epi m ap di li: Papa, mwen peche kont Bondye nan syèl epi kont ou menm. Mwen pa merite pou yo rele m pitit ou ankò. Ou mèt trete m tankou youn nan ouvriye w yo."

Li leve vre, l al kote papa li. Men, li te byen lwen toujou lè papa a wè li. Kè papa a fè l mal, li kouri, li pase bra nan kou l, epi li bo li.

Men, pitit la di li: "Papa, mwen peche kont Bondye nan syèl la epi kont ou menm. Mwen pa merite pou yo rele m pitit ou ankò."

Men, papa a di sèvitè l yo: "Pote pi bèl rad la, epi abiye l avèk li. Mete yon bag nan dwèt li ak sandal nan pye li. Mennen towò k ap angrese a, tiye li, epi annou manje, annou fete! Paske, pitit gason mwen sa a te mouri, men, li vin vivan ankò. Li te pèdi, men, mwen jwenn li." Epi, yo kòmanse fete.

Kòman papa sa a montre konpasyon ak lanmou pou pitit gason l lan?

Nan lespri w, imajine papa a ki ap akeyi pitit gason l lan ak lanmou l ki bon anpil la epi akèy li, apre pitit lan te fè zak egoyis ak zak granmoun ni. Ak ki je ou panse lap gade papa l. Kisa ou panse lap fè ankò ?

Ansanm ak yon manm nan gwoup ou a, montre kòman ou panse papa a te aji.

Eske ou panse fason Bondye gade w se menm bagay osnon depaman ak papa ki nan istwa a ?

Labib di : *" Okontrè, men kijan Bondye pwouve lamou pa li pou nou: Se pandan menm nou pechè a, Kris mouri pou nou! "* (Women 5:8).



FOUYE PI FON: MEN KISA PADON AN YE



Sa ki ka fè nou rekonèt nou fè **peche**, se konpòtman rebèl nou genyen devan Bondye osnon lè nou pa bay Bondye regle anyen pou nou, nou pa fè sa Bondye vle.

I. BEZWEN OU GENYEN POU LANMOU AK PADON BONDYE

Lè ou peche ak tout konsyans ou, ki sa ou santi anndan w ?

Nan Ansyen Testaman an, David, wa Izrayèl la, te peche, an menm tan li te fè adiltè epi touye yon moun. Apresa li fè mwayen pou kache zak sa yo pou moun pa konnen (Ou ka li istwa sa nan 2 Samyèl 11). Gade jan I te santi I nan Sòm 32:3-5:

Tank mwen pa t' ankò vle rekonèt peche m' yo, mwen t'ap cheche sou pye. Tout lajounen, mwen t'ap plenn. Lajounen kou lannwit ou t'ap kale m', Seyè. Mwen fin rann tout ji mwen, tankou tè sèk nan sezon chalè. Lè sa a, mwen rekonèt peche m' yo devan ou, mwen pa t' kache ou sa m' te fè ki mal. Mwen di: M'ap rakonte Seyè a tout bagay. Apre sa, ou te padonnen tout peche m' yo (HCV).

Kòman David te santi I lè li pat vle rekonèt peche I yo ?

Kòman li te santi I apre li fin rekonèt peche I yo ?

Peche gate relasyon nou ak Bondye. Li mete yon baryè nan mitan you relasyon ki djanm.

2. SOU KISA LANMOU AK PADON BONDYE CHITA

I Pyè 3:18 di : “ Paske, menm Kris te soufri pou peche nou yo yon fwa pou tout. Sa vle di, yon moun jis soufri nan plas moun ki pa jis, dekwa pou li te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò, men li te vin vivan nan Lespri”.

Poukisa Jezi te soufri epi mouri sou lakwa ?


Kolosyen 2:13-14 di : “ OU menm, NOU te mouri akòz fot NOU yo epi akòz NOU pa t sikonsi nan chè NOU. Men, Bondye ban NOU lavi ansanm avèk li. Li fè nou gras pou tout fot nou yo. Li efase papye dèt ki te ekri kont nou an, papye ki te akize nou dapre dekrè Bondye yo. Li kloure l sou kwa a. E, konsa, li elimine l.”

Kisa Jezi te fè pou peche nou yo ?

Kòman Bondye efase peche nou yo ?

Lè ou konnen yo padone w nèt, ki diferans sa fè nan lavi w chak jou ?

3. MOUN OU YE DEVAN BONDYE FASAFAS AK KOMINYON W AK BONDYE



Jan nou deja etidye sa déjà, pwoblèm ki genyan ant Bondye ak lezòm se peche. Peche separe moun ki pa konvèti yo ak Bondye.

Men sakrifis lanmò Jezi sou la kwa a ak lè l te resisite nan lanmò a, se yo ki bay remèd pou geri pwoblèm separasyon an, **peche nou yo padone, nou vin parèt yon lòt moun devan Bondye.**



Pou nou menm ki kwè nan Kris, peche genyen yon lòt kalte konsekans li pote. Konsekans sa a, li pa konsène **moun ou ye devan Bondye**, paske relasyon tou nèf ou genyen ak Bondye a li byen chita e li kè poze. Peche gate **kominyon w ak Bondye**. Genyen yon gwo diferans ant **moun ou ye devan Bondye** epi **kominyon w ak Bondye**.

Men yon egzanp pou ede w konprann pi byen : relasyon paran ak pitit. Relasyon paran ak pitit se yon relasyon ki ap touje egziste ; ou pakap defèt nesans ou. Nenpòt sa yon paran ta fè, oswa sa yon pitit ta fè, moun ou ye a rete menm jan an. Nan istwa pitit gason gaspiya a, papa a te toujou rete yon papa pitit gason l menm lè pitit la t ap fè rebèl.

Imajine ou menm ki ap fè rebèl ak paran w, ou kraze yon bagay, osnon fè lawont fanmi an. **Eske lè sa a w ap toujou pitit paran w ?**

Kisa ki t ap rive nan kominyon w (relasyon w) ak paran w ? Kisa sa t ap fè nan relasyon an ?

Pou nou konprann sa pi byen, etidye Pawòl Labib ki ekri anba a epi ekri repons ou nan tablo a.

Vèsè Labib yo :

- ❖ *Jan 1:12- Men, tout sa ki te resevwa li yo epi ki te kwè nan non li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye.*
- ❖ *1 Korentyen 1:9- Bondye fidèl, li menm ki te rele nou vin nan kominyon avèk Pitit li a, Jezi Kris, Senyè nou an.*
- ❖ *1 Pyè 1:3-4- Louwanj pou Bondye, papa Jezikri, Senyè nou an. Nan bonte li, li ban nou yon lòt lavi tou nèf ki pote yon vrè espwa pou nou, granmesi Jezi ki te resisite a. 4 N ap tann pandan tan sa a, pou n resevwa benediksyon Bondye genyen pou pitit li yo. Se nan syèl la Bondye sere benediksyon sa yo pou nou. Pa gen anyen ki ka gate yo, ni detwi yo, ni fè yo pèdi bèlte yo (VKF).*
- ❖ *Sòm 32:3-5- Tank mwen te rete nan silans mwen, zo m t ap depafini, Mwen t ap jemi tout lajounen. Paske, lannuit kou lajounen, men ou t ap vin pi lou sou mwen. Je m devni tankou sechrès nan sezon chalè. Mwen te devwale w peche m, mwen pa t kache inikite*

m. Mwen te di: M ap konfese fot mwen bay Letènèl; Epi ou menm, ou te efase inikite peche mwen.

- ❖ *Jan 10:27-29- Mouton m yo tandè vwa mwen. Mwen konnen yo. Epi, yo suiv mwen. Mwen ba yo lavi etènèl, yo p ap janm peri ditou. E, pèsonn p ap rape yo nan men mwen. Se Papa mwen ki ban mwen yo. Li pi gran pase tout moun. E, pèsonn pa kapab rape yo nan men Papa mwen.*
- ❖ *1 Jan 1:9- Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap pififye nou anba tout sa ki pa jis.*
- ❖ *Ebre 13:5- Paske, se Bondye menm ki di: Mwen p ap janm lage w, Mwen p ap janm kite w nonplis.*
- ❖ *1 Jan 1:6-2:2- Si nou di nou genyen kominyon avèk li, alòske n ap mache nan fènwa, nou manti. Nou pa pratike verite a. Men, si nou mache nan limyè a menm jan, li menm, li nan limyè a, nou genyen kominyon youn ak lòt. Epitou, san Jezi Kris, Pitit li a, pififye nou anba tout peche. Si nou di nou san peche, se tèt nou n ap twonpe. Verite a pa nan nou. Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap pififye nou anba tout sa ki pa jis. Si nou di nou pa peche, nou fè li pase pou mantè. Pawòl li pa nan nou. Timoun mwen yo, m ap ekri nou bagay sa yo pou nou ka pa peche. Si yon moun ta peche, nou genyen yon Avoka kote Papa a: Se Jezi Kris, li jis. Se li menm ki sakrifis-satisfaksyon pou peche nou yo. E, se pa pou peche nou yo sèlman, men se pou peche lemonn antye tou.*

MOUN OU YE DEVAN BONDYE	KOMINYON W AK BONDYE
Konbyen tan sa ap dire ? 1 Pyè 1 :3-4	Ki sa ki anpeche l ? Sòm 32 :3-5
Kiyès ki fèl asire ? Jan 10 :27-29	Yon bò, sa ki fèl asire a se... ? 1 Jan 1 :9
Kilè li ka chanje ? Ebre 13 :5	Kilè li ka gen problèm ? 1 Jan 1 :6 – 2 :2

Kòman ou konprann sa, moun ou ye devan Bondye a se pa menm bagay ak kominyon ou genyen ak Bondye ? Nan vèsè ki anwo yo, kiyès ladan yo ki ede w konprann sa pi byen ?

Koman ou ka kontinye viv kominyon w ak Bondye chak jou ?



Kounya fè yon ti kanpe, di Bondye mèsè paske Li kenbe w, paske anyen pa ka chanje moun ou ye devan je L la.

4. KÒMAN OU KAPAB KONTINYE VIV NAN LANMOU AK PADON BONDYE

Kisa ou ta dwe fè lè ou bite epi peche ? I Jan 1:9 di ou ta dwe fè sa : “*Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap purifye nou anba tout sa ki pa jis*”.

Lè ou peche, kisa ou dwe fè ?

Kisa Bondye ap fè lè w konfese peche w ?

Koman ou wè vèsè sa sanble ak istwa papa a ak pitit gason an ou te li nan kòmansman leson ?

Konfese vle di nou dakò ak Bondye sou zafè peche nou ; nou rekonèt devan Bondye nou fè yon bagay ki pa bon. Lè ou rekonèt ou fè yon bagay ki pa bon, ou mèt swiv etap sa yo :

- 1) **Konfese**- admèt peche w devan Bondye epi dil ou regrèt sa.
- 2) **Aksepte** e kwè Bondye gentan padone w epi netwaye peche w.
- 3) **Repanti**- chanje fason ou ye ak fason w aji, dekwa pou w vire do bay peche epi vire fas ou bay Bondye.
- 4) **Remèsye** Bondye pou lanmou L ki toujou pare pou ou ak travay Lap fè nan ou.

Lè ou vire bay Bondye fas ou epi ou vire do bay peche, **w ap aprann viv nan lanmou ak padon Bondye**, olye ou kontinye viv sitiyasyon kote ou santi w koupab, ou santi kondanasyon, epi w ap pini pwòp tèt ou. Kominyon ak Bondye ap retounen nan plas li.

TOUNEN YON BON TÈ : KÒMAN OU KAPAB VIV EKSPERYANS LANMOU AK PADON BONDYE



I. PRATIKE PAWÒL LAVERITE SA YO

Eseye fè egzèsis sa nan lide pou w konprann epi viv eksperyans padon Bondye pou peche w yo :

- Pandan ou pou kont ou, mande Bondye louvri je w sou nenpòt peche ki nan lavi w kounya.
- Ale yo kote ki gen labou epi ekri peche Bondye montre w lan nan labou a. Sa se zafè w a de ak Bondye, sa vle ou dwe sensè.
- Apre ou fin ekri nan labou a, li pwomès nou jwenn nan *1 Jan 1:9* : “ *Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap pirifye nou anba tout sa ki pa jis.*”
- Kounya, efase sa ou te ekri nan labou a pou w pa menm ka li l ankò.
- Kisa ki pase ak peche w la ?
- Remèsye Bondye ki padone peche w, ki lave w grasa lanmò Jezi sou lakwa.



2. LAPRIYÈ POU PADON



Sòm 51:3-6, 11-19 se lapriyè David apre yo te fin kenbe l nan adiltè ak moun li te touye a. Fè priyè sa tankou pwòp priyè pa w pou w konfese peche w nenpòt lè ou bezwen.

*O Bondye, gen pitye pou mwen, pou jan ou gen bonte.
 Pou jan mizerikòd ou gran, efase peche m yo.
 Lave m nèt pou retire inikite m nan,
 Pirifye m pou retire peche m nan.
 Paske, mwen rekonèt fot mwen yo,
 Peche m nan toujou devan je mwen.
 Se kont ou, se kont ou menm mwen peche.
 Mwen fè sa ki mal devan je w,
 Konsa w ap jis nan santans ou,
 W ap san repwòch nan jijman ou.*

*Tounen fas ou pou pa wè peche m yo,
 Efase tout inikite m yo.
 O Bondye, kreye yon kè ki pwòp nan mwen,
 Renouvle yon lespri byen dispoze nan mwen.
 Pa jete m lwen fas ou,
 Pa retire Sentespri ou nan mwen.
 Ban mwen lajwa delivrans ou ankò.
 Soutni m ak yon lespri ki vle obeyi.
 M a montre rebèl yo chemen ou,
 E pechè yo va tounen vin jwenn ou.
 O Bondye, Bondye delivrans mwen!
 Delivre m anba san ki koule a,
 E lang mwen va selebre jistis ou.
 O Senyè, louvri bouch mwen!
 E bouch mwen va rakonte lwanj ou.
 Paske, ou pa pran plezi nan sakrifis,
 Si se te sa, mwen ta ba ou l.
 Men, ou pa pran plezi nan olokos .
 Sakrifis ki fè Bondye plezi, se yon lespri brize.
 O Bondye, ou pa meprize yon kè ki brize, ki rekonèt tò li.*

Sa sòti nan Liv *Book of Common Prayer (Liv priyè ki fèt ansanm)*- Sa se yon priyè kreyen toupatou nan lemond konn priye depi anpil syèk pou yo konfese peche. Ou mèt fè l tankou priyè pa w, nenpòt lè ou bezwen.

**Bondye ki san parèy tèlman Li bon,
 Nou rekonèt nou peche kont oumenm nan panse, nan pawòl, nan aksyon, nan sa nou fè,
 epi nan sa nou te dwe fè men nou pa fè. Nou pa renmen w ak tout kè nou ; nou pa renmen
 pwochen nou menm jan ak tèt nou. Nou vrèman regrèt e nou desann nou byen ba pou nou
 repanti. Nan non Pitit ou Jezi Kris, gen pitye pou nou epi padone nou ; lè sa n ap pran plezi
 nan sa ou vle, n ap mache sou chimen ou, pou glwa non ou. Amèn !**

3. ANGAJMAN POU VIV NAN RELASYON AK BONDYE

Pran yon ti tan avèk mentò ou epi ak lòt manm gwoup la pou ou diskite sou kòman ou pral sèvi ak pawòl sa yo nan lavi w chak jou. **Ekri angajman sa yo nan kare anba a.**



Ansanm ak mentò ou epi ak lòt disip yo, lapriyè ansanm pou nou mande Bondye pou L dirije nou pandan nap grandi, fòtifye e proteje nou, epi bay nou sa nou bezwen pou nou viv chak jou.

Li I Jan 1:9 chak jou pandan semèn sa, “Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap pirifye nou anba tout sa ki pa jis”.

